Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 32 (93170) / 14 август 2017 с. / итни 21 Зуль-къаг1ида 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## 12 августа – День физкультурника!




Вся наша жизнь связана с движением. Человек всегда пытался покорить новые вершины земли, моря, т.е. стремился быть выше, быстрее и сильнее.

Чтобы всего этого достичь, необходимо иметь крепкое тело и сильный дух. Физическая культура и позволяет иметь их, а самое главное – она заботится о нашем здоровье. Поэтому день физкультурника – наш общий праздник!

Поздравляем всех, кто имеет отношение к спорту, с этой важной датой! Желаем всем вам здоровья, счастья и успехов.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.*

## Администрациялда

8 августалда администрациялда т1обит1ана аппараталъул иргадулаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана районалъул бет1ерасул заместителал, отделазул начальникал, аппараталъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял х1алт1ухъаби ва росабазул администрациябазул бут1рул.



Халгьабиялде росарал суалазул аслияблъун бук1ана: **«Социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул управлениялъ 2017 сонил т1оцебесеб бащдаб лъаг1алида жаниб гьабураб х1алт1ул х1асилал»** абураб.

Гьелъул х1акъалъулъ докладгун цее яхъана гьеб управлениялъул начальник Пат1а Айтемирова. Гьелъ, г1ат1идгьабун, бицана жинца бет1ерлъи гьабулеб управлениялъ социалияб рахъалъ районалъул г1адамал ц1униялъе гьабураб х1алт1ул, дандч1варал зах1малъабазул ва цере ч1арал масъалабазул.

***«Нижер х1алт1и г1езег1анго бараб буго районалъул росабазул администрациябазулгун, жамг1иял ва цогидал г1уц1абазулгун ругел бухьеназда. Цадахъ рекъон, гьабураб х1алт1уца кьола лъик1ал х1асилал»,***-ан абуна Айтемировалъ к1алъаялъул ахиралда.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон колел х1укмаби.

*Нижер мухбир Сапият СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

## Казбек районалъул администрациялъул бетIер Мусаев ХIажимурад ХIажиевичасухъе ИчкIа росдал жамагIаталъул рагьараб кагъат

**ХIурматияв ХIажимурад ХIажиевич!**



Гьаб кагъат хъвазе ниж тIамуна цIакъ захIматаб,зарал ц1икIк1араб ва рес къотIараб хIалалде ккун рукIиналъ,хьулги буго,дур кумекалдалъун, ниж гьелдаса хвасарлъилин абун. Нижеда бичIчуна районалъул бетIерасул захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи букIин. Гьединго, кIочон тун гьечIо, гьеб хъулухъалде вачIарабго, районалъул росабазул жамагIаталгун дандчIвазе, гьезул гIолеб-гIолареб рахъ лъазе, дуца бахъараб хIаракатги. Гьеб хIалтIуде дуца байбихьана нижер росулъан, нижер жамагIаталъе кьураб рагIиги дуца къокъаб заманалда тIубазабуна.

Дагьал церегIан къояз нилъер районалде вачIарав Дагъистан Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасда цере дуца лъурал кIвар цIикIкIарал суалалги нижеда лъала. БитIараб бицани, ракIалде ккана, гьездаго цадахъ, рехсезе мустахIикъаб букIанин нижер росулъан бугеб шагьра нухде хъил тIеялъул суалги.

Гьеб буго жамагIаталъул рекIел ахIи. Ахириял соназ гIемерго цIикIкIана нилъер нухаздасан хьвадулеб техника, гьелъул хIасилалда, хеккого ремонт гьабизе ккола нухазегун кьоязе. Нижер росдал аслияб къотIносан унеб техникаялъ бахъинабураб хIуралъ цоцазда рихьулареб ахIвал-хIал лъугьине гьабула. ГIадамазе рес гьечIо чурараб ретIел къватIиб бакъвазе базе, гордалгун нуцIби рагьизе. Гьедин букIиналъ гIадамазул сахлъиялъеги зарал кьолеблъи лъаларев чиги ватиларо. Бахчабахъ гIезарурал пихъгун овощал пайда босиялдаса унел руго.

Росулъ бугеб ахIвал-хIал хIисабалдеги босун, гьарула дуда гьеб къотIноб хъил тIеялъе кумек гьабеян.

Дуде божилъигун ва баркалагун ИчкIа росдал жамагIат. ЖамагIаталъул гьариялда рекъон, кагъат хъвана Т.С. ХIажиевас.

## «ГIолилал-наркотиказде данде» акция



2 августалда районалъул ФКялъул, спорталъулгун туризмалъул, гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, ***«Казбек районалъул гIолилал»*** ДРООялъул, Централияб больницаялъул, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул, спортшколалъул ва ОМВДялъул хIалтIухъабазул хIаракатчилъиялда, тIобитIана ***«ГIолилал-наркотиказде данде»*** абураб акция.

Тадбир тIобитIиялъул мурадлъун букIана наркоманиялде данде гьабулеб къеркьей хIасил кьолеблъун букIинаби, гIолилал наркотиказда рараллъун рукIунгутIиялде, гьел жидер сахлъиялъул тIалаб-агъаз гьабулеллъун лъугьиналде кIвар буссинаби. ***«Казбек районалъул гIолилал-наркоманиялде данде»*** абураб ахIиялда гьоркь тIобитIараб гьеб акциялъул г1ахьалчаг1аз Дилим росдал ***«Юрт»*** участокалда бецана ва бухIана цIикIкIараб къадар габаниялъул.

*Нижер штаталда гьеч1ев мухбир Ибрагьим БУЛАТХАНОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# ЗахIматалъ куцараб хъизан



Гъозтала росулъ дагъал рукIинчIо ва гьечIо жидер захIматалъ гIумру берцин гьабурал, ВатIаналъе гIоло рухI кьун, рагъарал, жал унго-унгоял багьадурзабилъун рикIкIине бегьулел, бахIарчиял гIадамал. Гьаниб рехсезе мустахIикъаб буго Памирилги Жугьайратилги хъизан. Гьезул рукIана ункъо вас: Гьайирбег, Назир, Загьир ва МухIамад. Памир вукIана росдал жамагIаталда гьоркьов къадру бугев,киназго хIурмат гьабулев чи. Гьесда лъикI лъалаан гIурус мацIги. Гьедин, дол соназ даран-базаралъ Памир хьвадулаан Бакуялде ва Тифлисалде. Гьелъ хьихьун букIана гьес хъизан. КIудияв вас Гьайирбег граждан рагъул соназ уна Турциялде. Гьениса нахъ вуссунаро. 1941соналъ байбихьула КIудияб ВатIанияб рагъ. Назирги Загьирги, гIарзабиги кьун, уна рагъде. Гьеб мехалъ Назирил букIуна 33 сон. Гьесул рук1ана (чIужу ва вас Ирази). Загьирил рукъор хутIана лъимер гьабизе заман щолей чIужу ва кIиго лъимер: вас Паша ва яс Загьи. Рагъде эмен ун дагьаб мехалдасан гьаюла яс Маржанатги. 1943 соналъ хъизаналъухъе бачIуна, Загьир, араб бакI лъачIого, тIагIанин кагъат. Гьединабго кагъат бачIуна Назирил хъизаналъухъеги. Памириеги Жугьайратиеги гьеб букIана кIудияб ками. ГьитIинав вас МухIамадица гIарза кьола живги рагъде витIеян. Гьесул божи букIуна кIиявго вац чIаго ратиялда ва гьезул къисмат лъаялда,амма цояб бер сакъатаб букIиналъ, МухIамад нахъ чIвала. Загьирил чIужу Суайсатица баччизе ккола бакIаб гьир.Рагъда эмен тIагIарал лъабабго лъимер колхозалда хIалтIизе ккана. Кида къадги Загьир лъимялазда вихьиялде ва гьев ч1аго ватиялде бук1ана гьелъул хьул. Суайсатие лъимал хьихьизе кIудияб кумек щвана якьадалъул, Пашал. жиндирго васасул гIадин, тIалаб гьабулаан мадугьал Нажабатица. Гьелъул жиндиргоги букIуна, эмен камун хутIараб, лъабго лъимер. Суайсат хIалтIизе кколаан ахалгун хурзабахъ. Нажабатил юкъаризе махщел букIана. Гьелъие букIана рагъухъабазе этеказда жанир ретIулел буртинадул жал рукъизе ч1езабураб норма. Щола лъимал школалде рит1улеб заман. Суайсатил анищ букIуна, цIалун лъугIаралго, гьел жеги лъай босизе ритIизе,гIадамазе пайда бугеллъун гIезаризе. Гьелъул мурад тIубала.Гьел лъугьуна эбелалда гурхIулеллъун,цIалиги хIалтIиги цадахъ бачине бажарулеллъун. Пашаца тIаса бищула учителасул махщел. Каникулаз колхозалъул хIалтIабазулъ гIахьаллъулаан гьевги. Цо нухалъ росдал бихьиналгун Паша уна хубаразул магIарде вецаризе. Циндаго дунял кьерхуна, зобал гъугъадула, пириги пирхун, лъикIго цIад базе лъугьуна. ХIалтIухъаби хъоршнире ракIарула. Бищун гьитIинав вукIиналъ гьез Паша оцазда хадув витIула. Т1адвуссун вач1инаго, Пашада бихьула пириялъ хъорщда цебе бук1араб генул гъветIалда цIа рекIинабун. Паша гьениве векерула. Пириялъ рахъ-рахъалде речIизарун, гIодор ккун, ратула гьесда рецарухъабазул ункъояв.

Гьенир Пашада хвасар гьаризе кIола Гъамбулатги МухIидинги. Бадрудинги Эмеги къадаралде щола. Бадрудин вукIуна росдал учитель. Гьедин, къварилъи ккаралъуве кумекалъе ине хIадурав чилъун вукIана Загьирил вас Паша. Махщел бугев муг1алим х1исабалда, Паша х1алт1ула Шавдан ва Ичк1а росабазул школазда, г1емерал соназ гьес директорлъи гьабуна Гъозтала росдал микьго сонилаб школалъеги.

Гьес чанго соналъ цIех-рех гьабуна рагъда тIагIарав инсул, амма гьелъул щибго хIасил ккеч1о. Загьицаги босула учителасул махщел. Маржанат яхъуна сахлъицIуниялъул хIалтIухъанлъун.

Гьедин, эмен нахъа гьечIониги, цIализарун, рукъалде руссинарун, лъикIаб тарбия кьун, гIезарула Суайсатица лъимал. Гьесги ХIабизатицаги, тарбия кьун, гIезабуна щуго лъимер. Гьезул ункъоязул буго тIадегIанаб лъай, Маржанат хIалтIана районалъул больницаялда, гIезабуна щуго лъимер.

Эбел эменго гIадин гIаданлъи бугел, магIарул гIамал-хасият хисизе течIел, тарбия щварал лъимал руго гьезул. ГIадада ккечIо Суайсатица баччараб захIматги лъималазе кьураб тарбияги. Лъималаз ва гьезулги лъималаз кIудияб адаб-хIурматалда хьихьана Суайсат.

*Нижер штаталда гьеч1ей мухбир Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

# «Машгьурлъиялъул арена» фестивалалда...



6 августалда МахIачхъалаялда рагьараб«Машгьурлъиялъул арена» фестивалалда гIахьаллъана нилъер районалдаса лъималазулгун гIолилазул ТЮЗалъул (гIолохъанав зрителасул театр) коллективги. Гьелъ гьениб бихьизабуна машгьураб «Аршин мал алан» комедиялдаса сценка. Гьедин-го, культураялъул Централъул хIалтIухъан М. Дудуевас данделъаразе цIалана «АхIул гохI» поэма, лъималазул ансамблялъ халкъиял инструментазда гьенир рачана бакънал.

ГIолилазул, печаталъул, культураялъул министерствабазул, «Анжи-Арена» стадионалъул дирекциялъул хIаракатчилъиялда тIобитIулеб гьеб тадбиралъул, гьаракь кьеялдалъун, тIаса бищараб 30 номер ине буго бащдафиналалде.

*Информагентство «Салатавия»*

# Бачlони щиб, имам, дуе памятник

I

Гьединаб бет1ералда гъоркь, Дагъистаналъул машгьурав шаг1ир Гунашев Мух1амадица (жиндир мунагьал чураяв) хъвараб кеч1 буго. Гьеб гьес хъвана къого соналдасаги цебе, Шамиль имамасе памятник баялъул бах1сал рук1арал соназ. Дида лъаларо, Дагъистаналъул цоги шаг1ирзабаз имамасде гьабураб кеч1алъ поэзия бокьулезул ва ц1алулезул рак1азе, гьелъ г1адин, к1удияб асар гьабурабищали.

2005 соналъул августалда нижер редакциялъул коллектив ана Ах1улгох1де зияраталъ. Гьел къояз маг1арул районаздаса рач1арал г1емерал г1адамал руссараб мавлид (мажлис) т1обит1ана гьениб. Шамиль имамасул ва Ах1улгох1алда гьевгун цадахъ рагьарал муридзабазул х1акъалъулъ куч1дул ц1алулел рук1ана ц1арал раг1арал шаг1ирзабаз ва цогидаз. Гьеб мажлис бачунеб бук1ана ворхатав, гьайбатав, гьоркьохъеб г1елалдаса ворч1арав, цо генусес.

Гьесда рет1ун бук1ана халг1ат. Аск1ов ч1ун вук1арав Гунашев Мух1амадида дица абуна: «Вах1, Саг1удиязул къираласулцин батиларо гьедин берцинаб ва къач1араб халг1ат»,-ан.

Кеч1 ц1ализе раг1и цоясе кьолаго гьес абуна, гьанив цо г1ахьалас гьарулеб бугин жиндиеги изну кьейин кеч1 ц1ализе.

Г1енеккизинха гьесул коч1олъ щиб ц1ияб жо бугодаян абуна гьес. Бук1алъан Мух1амад велъанхъана. Сундаса дуе кеп щварабан ц1ехедал гьес абуна, валлагь, релъи ккезе к1олеб гьеч1ин гьадав данделъи бачунев генусесул ч1ух1игун г1амал к1одолъи бихьунан.

Ахиралда Гунашевасеги раг1и кьуна кеч1 ц1ализе. Г1емеразул бадиб маг1у хулизабуна гьеб кеч1алъ. Щакърахун, диргоцин бук1инч1о к1алъазе к1олеб х1ал. Гьениб дида бич1ч1ана пагьму ц1ик1к1арав шаг1ирасул кеч1алъ чиясе гьабулеб к1удияб асар. Гьенив вук1ана Мух1у Г1алиевасул вац, академик Шамиль Г1алиевги. Гьес Мух1амадида абуна: ***«Валлагь, вац, дида гьелъие къимат кьезе к1оларо. Бокьилаан гьеб кеч1 дуца дие кьезе»,*** - ян. ***«Дица дуе гьеб кеч1 жаниб бугеб т1ехь бит1ила»,*** - ян абуна Мух1амадица.

Коч1ол 13 куплеталъул ахирисеб лъабгояб рехсезин гьаниб. Гьез асар гьабич1ев чи г1олеб г1елалда гьоркьовцин ватиларин ккола дида.

***Щиб жо генераллъи, гордил къвал г1адин,***
***Къот1ун даларабгъеж т1ун рехулезе?***
***Т1ерхьиг1ан каранлъе чияр хечги цун,***
***Хвалчен г1унт1арабго, тушман ч1валезе.***

***Ч1ух1дай награда щай наркоз кьеч1ого,***
***Ракьа хъухъалелъул михъ турк1ич1езе?***
***Маршаллъи дагь буго дур муридазе,***
***Малаца рагъарал гъеж бат1алъигун.***

***Бач1они щиб, Имам, дуе памятник,***
***Бан Ах1улгох1даса борхалъулареб.***
***Лъеч1они щиб дуе къадруялъул си,***
***Лъун Гъуниб маг1арда бащалъулареб.***

II

Гьанже бицинин 30-абилел соназ Дагъистан обкомалъул ВКП(б) ялъул т1оцевесев секретарьлъун х1алт1улев вук1арав Нажмудин Самурскиясе Мах1ачхъалаялда (лъаларо цоги бак1алдайищали) памятник лъеялъул х1акъалъулъ. Мах1ачхъалаялда гьеб лъезе бугин харбал руго.

17 соналъ ГУЛАГалда вук1арав хъвадарухъан Лев Разгоница араб г1асруялъул 60-абилел соназдаго хъван бук1ана Дагъисталалдаса Сибиралде рит1ун рач1арал, 70-80 сон г1умруялъул барал херазул ккараб къисмат. 1937 соналъул хаслихъе туснахъалъул лагералде рач1арал гьезул ихдалиде цониги чи ч1аго хут1ич1илан. Какил г1уж щвезег1ан, цо бак1алда г1одорги ч1ун, свадулел рук1унаанила гьел пакъирзаби, цинги какги бан, гьебо х1алалда рук1унаанила. Щивго чигун к1алъазе г1урус мац1 лъалев чиги гьезда гъорлъ вук1инч1ила. Лагералъул «вертухаяз» (т1адтарал чаг1и) бицунеб бук1анила гьел чаг1и раг1улин Дагъистаналда социализм г1уц1иялъе квал-квал гьабулел, шарг1ияб закон гурони жидеца къабул гьабуларел, г1араб г1елму ц1аларал чаг1и абун.

Лагералъул г1умруялъул х1акъалъулъ хъварав Лев Разгон Борис Ельцинил администрациялда цебе г1уц1араб цо комиссиялъул членлъун вук1ана. Гьеб комиссиялъ хал гьабулаан ч1вазе х1укму къот1арал такъсирчаг1аз рач1арал г1арзазул.

30-абилел соназ нилъер районалъул НКВДялъул начальниклъун вук1арав Мамаев Г1абидиница г1уц1араб «Тройкаялъ» 361 чи Сибиралде рит1ун руго, т1оцебесеб категориялъул тамих1алде ц1азе ругел (ч1вазе рихьизарурал рик1к1инч1ого). Т1убанго биххун бук1ун буго ВКП(б)ялъул районалъул пленум. Т1оцевесев секретарь Мух1амадов Г1абдулхаликъ, райисполкомалъул председателасул заместитель Г1абдулг1азизов Мурадис ва гьел гурел цогидалги репрессиялде ккарал 361 чиясда гъорлъ рук1ана 37 коммунист, 75 г1араб ц1аларав чи, диналъул церехъаби. Гьезул 245 чи: цоял ч1ван, цоял туснахъазда, лагеразда хун, рукъоре т1адруссинч1о.

*Макъсуд ДЕВЛЕТМИРЗАЕВ,*
*Россиялъул журналистазул Союзалъул член,*
*тарихчи, Гъизилюрт шагьар.*

*(Хадусеб бук1ине буго...)*

# РАСПОРЯЖЕНИЕ №236

**от 02. 08. 2017 г. с. Дылым.**

***О плане работы администрации МР «Казбековский район» на II полугодие 2017 года***

Руководствуясь Федеральным законом от 06.10.2003 года №131 -ФЗ « Об общих принципах местного самоуправления в Российской Федерации» и Устава МР «Казбековский район»

1. Утвердить план работы администрации муниципального района «Казбековский район» на II полугодие 2017 года. (Приложение № 1).
2. Ответственным лицам обеспечить полное и качественное исполнение мероприятий, предусмотренных планом работы администрации МР «Казбековский район» на II полугодие 2017 год.
3. Утвержденный план работы разместить на официальном сайте администрации МР.
4. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на руководителя аппарата администрации муниципального района Базаева А. П.

***Глава района Г. Г. МУСАЕВ.***

# План

## *работы администрации МР «Казбековский район» на II-полугодие 2017 года*

| № п/п | Мероприятия | Сроки исполнения | Ответственные |
|---|---|---|---|
| **I. Плановые совещания в администрации муниципального района** | | | |
| 1. | Аппаратные совещания | по вторникам | Глава администрации М Р, руководитель аппарата администрации МР, отдел экономики, планирования и по организационным вопросам администрации МР. |
| 2. | Расширенные совещания актива района с участием глав администраций поселений, руководителей организаций, учреждений и предприятий муниципального района | последний вторник месяца | Глава администрации МР, руководитель аппарата администрации МР, отдел экономики, планирования и но организационным вопросам администрации МР. |
| 3. | Совещания с главами администраций сельских поселений по текущим вопросам | последняя среда каждого месяца | Глава администрации МР, руководитель аппаратаадминистрации МР. |
| 4. | Прием граждан в администрации муниципального района | по утвержденному графику | Глава администрации МР, заместители главы администрации МР, начальники отделов администрации МР. |

**II. Вопросы, выносимые для рассмотрения на совещаниях актива района с участием глав поселений, руководителей организаций, учреждений и предприятий района в администрации муниципального района.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | О работе МФЦ по предоставлению государственных и муниципальных услуг населению района в 1-полугодии 2017 года. | июль | МФЦ Казбековского района |
| 2. | О готовности учреждений образования к новому 2017-2018 учебному году, организация питания учащихся и воспитанников ДО У. | август | Магомаев М.И. начальник управленияобразования администрации М Р |
| 3. | О готовности предприятий, организаций и учреждений района к работе в зимний период 2016-2017 годов.<br>О реализации Комплексного плана противодействии идеологии терроризма в МР «Казбековский район» за 9 месяцев 2017 года. | сентябрь | Змеев З.Н. - зам.главы администрации МР<br>Салимханов И.Б. - зам. главы администрации МР по общественной безопасности |
| 4. | О ходе выполнения плана социально экономического развития МР за 9 месяцев 2017 года | октябрь | Отдел экономики, планирования и организационным вопросам |
| 5. | Об итогах работы по уборке урожая и готовности к зимовке скота в сельхоз предприятиях района | ноябрь | Алиев З.Д. - директор МКУ «Управление сельского хозяйства» Казбековского района |
| 6. | О работе администраций сельских поселений района по осуществлению контроля за использования земель сельских поселений, соблюдения правил землепользования и застройки территорий сельских посланий. | декабрь | Отдел архитектуры, градостроительства, ЖКХ и земельных отношений администрации МР |

**III. Проведение заседаний комиссий и рабочих групп**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Заседание антитеррористической комиссии | ежеквартально но отдельному плану | Председатель комиссии |
| 2. | Заседание антинаркотической комиссии | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 3. | Заседание административной комиссии | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 4. | Заседание по комиссии по делам несовершеннолетних и защите ихправ | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 5. | Заседание комиссии по обеспечению безопасности дорожного движения | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 6. | Заседание комиссии по противодействию коррупции в районе | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 7. | Заседание комиссии по целевому использованию земель района | ежеквартально по отдельному плану | 11редседатель комиссии |
| 8. | Заседание комиссии попредупреждению и ликвидации чрезвычайных ситуаций и обеспечению пожарной безопасности | ежеквартально по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 9. | Заседание комиссии по рассмотрению заявлений по оказанию материальной помощи гражданам | по мере необходимости | Председатель комиссии |
| 10. | Заседание рабочей группы по выявлению неформально занятого населения | ежеквартально, по отдельному плану | Председатель комиссии |
| 11. | Представительство проектного офиса ШТРРД | ежеквартально, по отдельному плану | Руководитель проектного офиса |

**IV- Организационно-практические мероприятия**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Обучающие семинары для глав и специалистов поселений, начальников от делов, специалистов администрации муниципального района | ежемесячно | Базаев А.П., руководитель аппарата администрации МР |
| 2. | Рабочие поездки главы МР и иных должностных лиц в поселения района | периодически | Глава МР, заместители главы администрации МР, начальники отделов администрации МР |
| 3. | Организация и проведение августовской педагогической конференции | август | Администрация МР, управление образования района |
| 4. | Встречи руководства администрации муниципального района с жителями поселений | по отдельному графику | Администрация МР, главы поселений |

*(Продолжение на 4 странице).*

| | | | |
|---|---|---|---|
| 5. | Изучение работы администраций поселений, оказание им практической помощи в совершенствовании организационной работы проведению в жизнь законов РФ и РД, проведение анализа распоряжений и нормативно правовых актов на предмет соответствия законодательству, изучение и распространение опыта положительной работы администраций поселений. | весь период | Администрация МР |
| 6. | Обеспечение контроля и проверки исполнения администрациями сельских поселений распоряжений главы муниципального района по организацион ной работе | регулярно | Отдел по работе с сельскими администрациями |
| 7. | Анализ и исполнение предложений, замечаний, высказанных в период встреч с населением в трудовых коллективах, сходах | весь период | Администрация МР, администрации поселений района |
| 8. | Содействие участковым избирательным комиссиям органи зации и проведении выборов на территории муниципального района | период выборов | Базаев А.П., руководитель аппарата администрации МР |
| 9. | Обучение муниципальных служащих на курсах повышения квалификации на базе ГБУ ДПО РД «Дагестанский кадровый центр» | в течение года | Базаев А.П., руководитель аппарата администрации МР |
| 10. | Направление в Республиканский Реестр копий принятых му ниципальных нормативно-правовых актов администрации МР | ежемесячно | Отдел информационных технологий и правового обеспечения органов местного самоуправления администрации МР |
| 11. | Освещение деятельности района, организаций и учреждений, муниципальных предприятий в средствах массовой информа ции | весь период | Пресс-секретарь главы МР, редакция газеты « Чапар », телестудия «Салатавия» |
| 12. | Подготовка информации об итогах работы с обращениями граждан в администрацию района. | ежемесячно | Базаев А.П., руководитель аппарата администрации МР |
| 13. | Проведение анализа социально- экономического положения муципального района | ежеквартально | Отдел экономики, планирования и организационным вопросам |
| 14. | Работа по контролю за поступлением налоговых и неналоговых доходов в бюджет муниципального района | постоянно | Отдел экономики, планирования и организационным вопросам |
| 15. | Контроль соблюдения требований градостроительного кодекса РФ при строительстве на капитальной основе в населенных пунктах муниципального района. | постоянно | Абуев А.Ш., начальник отдела архитектуры, градостроительства, ЖКХ и землепользования администрации МР |
| 16. | Мероприятия по санитарной очистке и благоустройству поселений муниципального района, проведение мониторинга по экологическому состоянию окружающей среды на территории района | весь период | Отдел архитектуры, градостроительства, ЖКХ и земельных отноше ний администрации МР |
| 17. | Проводить постоянную работу среди населения по формиро ванию бдительности, оперативности в вопросах предупрежде ния террористических актов на территории района | постоянно | Антитеррористическая комиссия района, ОМВД по району, КСТ «Салатавия» |
| 18. | Проведение совещаний и семинаров с бухгалтерами бюджет ных учреждений района | постоянно | Финансовое управление |
| 19. | Организация деятельности по разъяснению гражданам поряд ка оформления градостроительной документации сначала до введения в эксплуатацию | постоянно | Отдел архитектуры, градостроительства ЖКХ и земельным отноше ниям |
| 20. | Проведение анализа производственно-финансовой деятель ности сельхозпредприятий района | ежеквартально | МБУ « Управление сельского хозяйства» Казбековского района |
| 21. | Организация работы по представлению государственной поддержки сельскохозяйственным товаропроизводителям соответственно с требованиями действующегозаконодательства | постоянно | МБУ «Управление сельского хозяйства» Казбековекого района |
| 22. | Организация отдыха детей в каникулярное время | июнь-август | Отдел ФК, спорту, туризму и делам молодежи |
| 23. | Поддержка и содействие деятельности на территории района общественных организаций района и центров традиционных культур народов России | постоянно | Администрация МР, отдел культуры |
| 24. | Координация деятельности учреждений, организаций, общественных объединений района в решении вопросов молодежной политики | постоянно | Отдел ФК, спорту, туризму и делам молодежи. |
| | **V- Проведение массовых мероприятий** | | |
| 1. | Проведение районных спортивных мероприятий | по отдельному плану | Комитет по ФК, спорту, туризму и делам молодежи администрации МР |
| 2. | Проведение районных культурно - массовых мероприятий | по отдельному плану | Отдел культуры администрации М Р |

*Руководитель аппарата А. БАЗАЕВ.*

# Прокуратура извещает…

Прокуратура Казбековского района утвердила обвинительный акт по уголовному делу в отношении Ахмеда Магомедова.

Он обвиняется в совершении преступления, предусмотренного ст. 264.1 УК РФ (управление автомобилем лицом, находящимся в состоянии опьянения, и имеющим судимость за совершения аналогичного преступления).

04.07. 2017 г. на окраине п. Дубки Казбековского района, сотрудником полиции было остановлено транспортное средство ВАЗ-2107, под управлением Магомедова А.О. в состоянии опьянения.

В ходе проверки установлено, что гр. Магомедов А.О. не имея права на управление транспортным средством, будучи в нетрезвом состоянии управлял автомашиной.

04.07. 2016 года он уже был осужден по ст. 264.1 УК РФ, за управление транспортным средством в нетрезвом состоянии.

Уголовное дело прокуратура направила в Казбековский мировой суд для рассмотрения по существу.

*Прокурор района, старший советник юстиции*
*М.М. ХАЛИЛОВ.*

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ №78

*08 август 2017 г. с. Дылым.*

**О временном запрете посещения лесов на территории МР «Казбековский район»**

На основании Федерального закона от 21.12.1994 № 69-ФЗ «О пожарной безопасности», Федерального закона от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в связи с установившейся аномально жаркой погодой на территории района, повышением класса пожарной опасности в лесах до 4-5 класса, возможностью возникновения лесных пожаров и в целях предотвращения возникновения лесных пожаров администрация МР «Казбековский район»,

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1. Запретить на период пожарной опасности с 8.08.2017 до особого распоряжения:

-посещение на территории Казбековского муниципального района лесов гражданами и въезд в леса транспортных средств;

использование открытого огня при проведении в лесах Казбековского муниципального района любых работ и мероприятий.

2. Рекомендовать ТКУ «Казбековское лесничество»:

- осуществлять на территории района мониторинг случаев выжигания сухой растительности;

-организовать беседы среди населения, опубликовать статьи в газете, выступления через СМИ на лесоохранные темы;

-привлекать к административной ответственности лиц, не соблюдающих режим запрета посещения лесов.

3. Рекомендовать начальнику ОМВД России по Казбековскому району:

-оказывать содействие сотрудникам лесничеств в соблюдении режима запрета посещения лесов и недопущения въезда в леса автотранспортный средств;

-проводить комплекс оперативно-розыскных мероприятий, направленных на выявление лиц, по вине которых возникли пожары в лесах на территории Казбековского муниципального района.

4. Рекомендовать главам администраций городского и сельских поселений Казбековского муниципального района:

-вводить своим решением запрет на посещение лесов на территории муниципальных образований, исходя из складывающейся обстановки;

-отработать взаимодействие с лесничеством пожарной частью № 42 с. Дылым, по организации тушения лесных пожаров;

-довести до населения информацию о запрете посещения лесов гражданами и въезда в леса транспортных средств.

5. Рекомендовать руководителям предприятий и организаций принять дополнительные меры к обеспечению бесперебойного функционирования всех систем жизнеобеспечения и объектов социальной сферы и коммунальных служб расположенных на территории Казбековского муниципального района, оказывать содействие администрациям поселений в выделении сил и средств для тушения лесных пожаров.

6. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района Салимханова И.Б.

*И.о.главы И.И. ШАБАЗОВ.*

### Из-за жаркой и сухой погоды в лесах Казбековского района высок уровень пожароопасности

В связи с установившейся жаркой и сухой погодой, на территории Казбековского района установился высокий класс пожарной опасности в лесах. Для недопущения возгораний специалистами ГКУ РД «Казбековское лесничество» проводится мониторинг пожарной опасности в лесах за лесными массивами, усилена агитационная работа с населением.

Просим жителей и гостей района соблюдать правила поведения в лесах.

В случае обнаружения лесного пожара просим незамедлительно сообщать по телефонам:

*ЕДЦС Казбековского района - 112;*
*Телефон ПЧ-42 с. Дылым - 101.*

# «Сохраним жизнь детям!»

Несмотря на проводимый Госавтоинспекцией комплекс профилактических мероприятий, направленных на профилактику детского дорожно-транспортного травматизма уровень аварийности с участием несовершеннолетних как в целом по стране, так и в Республике Дагестан продолжает оставаться недопустимо высоким.




